ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№173 (21.831) ● 2010 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 17, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Щымахуэм зыхуагъэхьэзыр

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдз Уянаев Казым фокІадэм и 15-м иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ 2010 - 2011 гъэхэм я бжьыхьэ-щымахуэ лъэхьэнэм зэрылажьэну хуэгъэхьэзырынымкІэ республикэ комиссэм и зи чэзу зэІущІэр. Абы щызэпкърахьащ мыхьэнэшхуэ зиІэ и Іуэхур зэрекІуэкІымрэ нобэ ирихьэлІэу зыхунэсахэмрэ.

КъБР-м промышленностымкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдз **Кулиев Мустафир** и псальэм кьыз эрыщигъэльэгъуамкІэ, республикэм и ЖКХ-р бжьыхьэ-щымахуэ лъэхьэнэм процент 95,1-кІэ хуэхьэзырщ. Котельнэ 389-м щыщу 370-р кьызыхуэтынщІэу зэрагъэпэщыжащ, хуабэ гуэщыпІэу километр 520-м, псы кІуэпІэу километр 3786-м щІигъу зыхуеІэ хуагъэзащ. Апхуэдэу метр зэбгъуэзнатІэ мелуаниплІрэ мин 724-рэ хьу псэупІэ унэу 3117-рэ хьэзыр ящІащ. Ар къапэщытам и процент 93-м ноблагъэ.

- «2002 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэр реформэ зэращІынымрэ зэрырагъэфІэкІуэнымрэ» республикэ программэ хэхар догъэзащІэ. Абы ипкъ иткІэ, сом мелуан 100-м щІигъу и уасэ лэжьыгъэ зэфІэдгъэкІащ. ПсэупІэ фондым хьыхьэ лифт 445-м щыщу 34-р 2008 гъэм, 14-р нэгъабэ зэтхьуэкІащ. Мы илъэсым 52-рэ тхьуэжьнущ, 2-р ремонт тщІынущ,- жиІащ кьэпсэльам. - Фэтэр куэд хьу псэупІэ унэхэр кьызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжьынымрэ, жьы хьуахэм щІэсхэр кьищІэгъэІэпхъуКІыным теухуа лэжьыгъэми пыдощэ. Дгъэхьэзыра тхьилъхэм арэзы техьуэри, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэр егъэфІэкІуэным и щІэгъэжьуэн фондым мы гъэм сом мелуан 543-м щІигъу кьыдитащ. Абы щыщу мелуан 425-р мин 861-р фэтэр куэд хьу унэхэр кьызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжьынымрэ, мелуани 119-рэ мин 888-р псэупІэ кхъахэм щІэсхэр кьищІэгъэкІынымрэ хуэхтхащ. А ахьшэмкІэ метр зэбгъуэзнатІэ мин 431,8-рэ зыубыд унэ зэтету 175-рэ екІуу зэрахьэнущ, щыху 445-рэ кьищІагъэІэпхъуКІынурэ, унэ нкІуэкъуэтэу 21-рэ ирахьнущ.

Министрым и къуэдзэр щхьэхуэу кьытеувыІащ я промышленнэ предприятэхэм бжьыхьэ-щымахуэ зэманым зыхуэгъэхьэзырыным хуэунэтІауэ зэфІагъэкІахэм. Абы кьызэригъэлъэгъуамкІэ, отчет лъэхьэнэм Іуэхугъуэ 117-рэ тращІыхьати, псори и чэзум ягъэзэщащ. Нэгъабэ хуэдэу, лэжьыгъэщхэу зэфІахащ «Тэрч налмэс», «Автозапчасть» Бахьсэн завод» ОАО-хэм, «Урысей-СНГ Фарма Интернешнал Компани» ООО-м, «Кавказкабель» кабель завод» ЗАО-м. Зи котельнэ зиІэж предприятэхэм щымахуэм зыхуеину гъэсныпхъэхэр кьрашэлІащ. Псори зэхэту ахэр тонн 2214-рэ мэхъу. Зэраубзыхуам тету, Іуэхущапіэхэм я инженер коммуникацэхэр, унащхьэхэр, лъэщапІэхэр, гъэувыпІэхэмрэ хъумапІэхэмрэ зыхуей хуагъаэз, Іэмэпсымэхэр яхьэж, зэтрауху.

КъыкІэлъыкІуэу Кулиев Мустафир зэпкърихащ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым и Іэнатіэхэр нобэ ирихьэлІэу зыхунэсахэр.

- «Кавказ Ищхьэрэм и щыналъхэм электрокъарур ятезыгуашэ компание» ОАО-м и республикэ къудамэм киловатт зэхуэмыдзэхэм тещІыхьауэ токыр зэрыІуач, зэрыІуадзэ Іэмэпсымэу яІэм я нэхъыбэр, трансформатору 21-рэ, ток кІапсэу километр 245,5-рэ зэригъэпэщыжащ, вольт льагэ линэхэр зэпызыщІэ пкъоуэ 437-рэ ихьуэжащ. А лэжьыгъэхэм сом мелуани 8-м нэблагъэ хухахащ. «МРСК СК» ОАО-м и республикэ къудамэр процент 85-кІэ, «Налшык кьалэм и электросеть компание» акционер обществ зэІухар процент 87-кІэ, «Прохладнэ кьалэм и сетхэр» УМП-р процент 82,3-кІэ, «Къэббалькъэгаз» ОАО-м и Іуэхущапіэхэр процент 88-м щигъукІэ бжьыхьэщымахуэ лъэхьэнэм хуэхьэзырщ, - кьыхихгъэщащ къэпсэльам.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Мамий Артур** республикэ комиссэм хэтхэм зэражриІамкІэ, мы илъэсым кьрихьыдзу псы кІуапІэу километр 49,6-рэ, газ гуэщыпІэу километр 12,2-рэ ятынущ. ГъэпІащІэуэм ирихьэлІэу Къэрэгъэщ, Джэрмэнщык, Колдрасинскэ, Яныкъуей, Каменкэ, Бедыдж, Гундэлэн кьуажэхэм, Налшык кьалэм псы кІуапІэу километр 28,5-рэ, Шэрэдж Ищхьэрэ, Арщыдан жьыгаГуэхэм, Прохладнэ кьалэм и «Шагъыр совхоз», «Садовэ» хьэблэщІэхэм газ кІуапІэу километри 8,8-рэ щаухуэнущ. Абы кьыдэжІуэу, «2012 гъэ пщІондэ кьуажэхэм социальнэу зэрызаужьынур» федеральнэ программэ хэхам тету, илъэсым и япэ мазищым псы кІуапІэу километр 33,7-рэ, газ гуэщыпІэу километри 7 ятащ. А лэжьыгъэхэм сом мелуан 41,2-р трагъэкІуэдащ.

Апхуэдэу зэхьхьэм кьышпсэльащ КъБР-м узышнагъэр хьуэжьнымкІэ и министр **Бишу Вадим,** егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкІэмкІэ министрхэм я къуэдзэхэу **Абазэ Барэсбий, Бакъ Николай,** Налшык кьалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэм и япэ кьуэдзэ **Сорокин Виктор,** «Къэббалькъгаз» ОАО-м и гъэзэщІакІуэ унафэщІ **Кантеев Валерэ,** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал псэупІэ инспекцэм и тхьэмадэ **Къэжэр Нажмудин,** нэгъуэщІхэри.

Зэпхущ щыщхьалхэр зэхэлъхьэжа нэужь, республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Уянаев Казым** мы зэман гъунэгъум комиссэм нэхъыщхьэу кьыпэщытхэр игъэбелджьлащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

●Дыгъуасэ

Балигъыпіэм и щыхьэт тхылъ

Налшык и курыт еджапІэхэм я еджакІуэ нэхъыфІу къыхаха ныбжьыщІэ 26-м Урысей Федерацэм и гражданиным и паспортхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щратыжащ.

А ІУЭХУГЪУЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі **Чеченов Ануар** *(сурэтым),* хьыбарегъащІэ ІэнатіэхэмкІэ, жьлагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ министр**Пащты Борис**, депутат **Шаваев Илас** сымэ.

Къэралым и щыхьэт тхылъ нэхъыщхьэр къаззрыІэрыхьамкІэ Чеченов Ануар гуапэу ныбжьыщІэхэм ехьуэхьащ.

- Сэ сощІэж си паспортыр къыщызатауэ щытар, - жиІащ абы. - Абдежащ ящу щызыхэпщІэр жьлагъуэм и пащхьэ жэуап зэрыщыпхьыр. Фэ нобэ балигъ фызэзрыхъуам и щыхьэт тхыпІэр кьыфІэрохьэжьри, ди Іуапэм фи гъащІэр ефІэкІуэну. Фэращ пщэдей къэралыр зезыхьэнури, фи гъащІэр зэрызэтеувэм ди нэІэ тедгъэтынущ, сыткІи дыныбдэІэпыкъунущ.

ГЪУЩІО Зариф.

Сурэтхэр **АХЬУЭБЭЧ Илья** *трихащ.*

Сыт жылагъуэр зыгъэпІейтейр?

Кавказ Ищхьэрэм и щІалэгъуалэм езыхэм яубзыхун хуейщ властымрэ щІыхубзмрэ ядэлэжьэнымкІэ яІыгъыну увыпІэр - апхуэдэ гупсысэр и лъабжьэу щытащ фокІадэм и 12 - 13-хэм Пятигорск кьалэм щекІуэкІа зэІущІэм. Къэралым и Инщ лъэныкъуэм фІыуэ кьыщащІыху бизнес-гъэсакІуэ Жогин Борис и унафэм щІэту екІуэкІа мы Іуэхум хэтащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щыналъэ зэмыдзэныгъэхэм щыщ щІалэгъуэмрэ хьыджэбзэмрэ. Ар кьызэригъэпэщащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым кьэрал кІуэпІ политикэм ехьэлІа ІуэхуэхэмкІэ и департаментым.

МАХУИТІ иримыкъупэм кьриубыдэу зэІущІэм кьрихьэлІахэм мыхьэнэщхуэ зиІэ кьаІэн зыбжанэ агъэзэщІащ. Абы хэм яубзыхуащ, Кавказым и щІалэгъуалэм я мызакъуэу, зэрыщыту властымрэ жылагъуэмрэ зыгъэпІейтей гугъуехь нэхъыщхьэхэр.

Къапщтэмэ, Кавказ Ищхьэрэм псоми зэхуэдэу щалъэІэс информацэ лэжьыгъэр щызэтеГъуэвэным ехьэлІауэ кьыхалъхащ иджыпсту кьагъэсэбэп «Википедием» и хабзэхэм тету щІалэгъуалэ интернет-щІэнгъуазэ кьызэгъэпэщын хуейуэ. Ар ди щымаІэм щыпсэу ныбжьыщІэхэр зэрыщІэнымкІэ, зэпсэльэнымкІэ Іэмал хьарзынэ хьунущ.

Зэ1ущІэм апхуэдэу кьыщыхъатьхащ щымаІэхэм, муниципалитетхэм хьэрычэт лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэм я зэгухьэныгъэхэр кьыщызэгъэпэщыным теухуа Іуэхухэр. Апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм хэт щІалэхэмрэ хьыджэбзэхэмрэ лъэ быдэкІэ ува нэужь, щымаІэхэм щекІуэкІ политикэ Іуэхухэмэ лъэщу хэлэжьыхьыфынущ.

Зэ1ущІэм хэтахэм я1ущІащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и къуэдзэ Олейников Юрий. СихьэтитІым нэблагъэкІэ екІуэкІа зэхуэсым щыхэплъэжащ щІалэгъуалэ политикэм ехьэлІауэ кьаІэта Іуэхуэхэм. Ахэр псори нэгъэсауэ тэмэму кьыпхуэтьытэнукъым, зэлэжьыжьын хуейхэри щыІэщ, кьигъэльэгъуащ Олейников Юрий. Ауэ нэхъыщхьэр щІалэгъуалэм жьыдэкрагъ зэрахэльырщ, ахэр властым дэлэжьэну зэрыхьэзырырщ.

Зэ1ущІэм кьыщІэта Іуэхуэхэм иджыпсту йолэжьыж икІи Кавказ Ищхьэрэм щрагъэкІуэкІ щІалэгъуалэ политикэм и концепцэ тэмэм абы кьызэрыханнум хущІокъу. КІэух документыр мыгувэу иратынущ Президентым и полномочнэ лІыкІуэ Хлопонин Александр.

Дыгъуасэ гъэсныгъэм

Цыкіуэхэм ядоІэпыкъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм щыІ «Сатурн фирм» фермер хозяйствэм кьызэригъэпэщащ унагъуэ хуэмыщІахэм я сабийхэу узыфІэ хьэлъэ зыпкърыгъэм ядэлэжьэнымкІэ «Гъэщ-эжьІыхь» гуапэ» псапащІэ Іуэхур.*

«ФИ ІЭНЭМ папщІэ» сату маркэм щІэту яГъэхъэзыр гъэшхэкІэхэм кьыщІах мылъкум и Іыхьэ сабий сымаджэхэм еІэзэным хухах. ПсапащІэ Іуэхур кьызэрырахьэжьэрэ дэкІа зэман кІэщІым «Сатурн фирмэ»-р ныбжьыщІэ 21-м ядэІэпыкъуащ.

Зыплъыхьакіуэ ежьаХэр кьалъыхъуэ

Архъыз и гъунэгъу кьырхэм кьыщалъхьІуэ Ростов областым хьихъэ Новочеркасск кьалэм щыщ зэщхьэгъыусэхэу Галимов Альбертрэ Сердюковэ Натальерэ.

ЗЭ1ЩХЬЭГЪУСЭХЭР щыщхьэІум и 25-м зыплъыхьакІуэ ежьащ. Махуитѣ дэкІри, телефонкІэ зыпащІэжьыфащхьым. Абыхэм я Іыхьлэхэр фокІадэм и 5-м кьапэплъати, щамыгъэзэжьым КъШР-м кьэзылъыхьуэ-кьеГъэлажьІуэ и гупым зыхуагъэзащІ.

Къуэды ткІий тралъхьэ

АДЫГЕЙ. *Президент Тхьэкіущынэ Аслъэнджэрий республикэм и Министрхэм я кабинетым и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы нэхъыщхьэу кьыщагъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэм ящыщи мунципальнэ зэгухьэныгъэхэмрэ кьуажэхэмрэ экологие-санитар щытыкІэр щегъэфІэкІуэныр.*

ЩЫУЭПСЫР хъуэмыкІ теуХуа хабзэр нэсу яГъэзащІэркъым. Мейкъуапэрэ Тохъутэмыкъуей куеймрэ кьищынэмыщІа, екъужьхъэм хуэщІа егъэзыпІэ щыІэкъым. ПХьэнкІий икІытпІэ убзыхуным, абы елэжьыныр кьызэгъэпэщыным мылъкушхуэ, сом мелуан 90-м нэблагъэ, текІуэдэнущ, щыри я мащІэщ. Апхуэдэу щытми, я Іуэхур зэфІэхын хуейуэ президентым къигъэуващ. ЩІыуэпс хабзэр кьызэпызыуфхэм кьуэды ткІий тралъхьэнущ.

Джэдкъазымрэ гъэшхэкІымрэ

Адыгейм гъэшхэкІым щелэжь фермэу 4 щаухуэну я мурадщ. Иужьрей илъэсищым джэдкъаз гъэхъуным зрагъэужьащ, прунж гъэкІыныр кьагъэщІэрэщІэжьынущ.

РЕСПУБЛИКЭМ и премьер-министр КІымпІыл Мурат зэрыжиІамкІэ, Адыгейм и агропромышленнэ комплексым продукцэу кьыщыгъэкІым и фІагъкІи куэдагъэкІи хигъэхьуэну щогугъ. Абы и лъэныкъуэкІэ мэкъумэш хозяйствэм зэхъуэкІыныгъэхэр щрагъэкІуэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

●Прохладнэ куей

Сабий гъэсапІэхэр зэрагъэпэщыж

Прохладнэ кьаІэ округым и щыпІэ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и управленэм зыпрагъэтхауэ, я быныхэр кьалэм щыІэ сабий садхэм щагъэкІуэну щІалъэм поплъэ адэ-анэ 400-м щІигъу. Кьалэм и унафэщІхэм зэхуэфІкІ псори ялъэж зи школ кІуэгъуэ мыхъуауэ чэзу кьызылъымысхэм я бжыгъэр гъэмэщІэным хуэунэтІауэ. Ауэ щагъасэ Іуэхущапіэу зыбжанэ мы зэманым зэрагъэпэщыж.

«ПУШКИН А.С. и цІэр пу щыта пэш зыбжанэ. зезыхьэ курыт еджапІэ Унащхьэр зэрахьуэкІ. №8» егъэджэныгъэмкІэ Лэжьыгъэхэр зэфІэкІа муниципальнэ Іуэхущапіэм си школ щІэтІысхьэгъуэ мыхъуахэр зэкІуалІэ и кьудамэр мы зэманым зыхуей хуагъаэз, гъэмкІэ муниципальнэ абы кьыхагъахьуэ нэхъ Іуэхущапіэм зи школ япэкІэ классу кьагъэсэбэщІэтІысхьэгъуэ мыхъуа щыкІуэхэр зэкІуалІэ и кьудамэр реконструкцэ щыным республикэ программэ хэхам и хьэкъкІэ сом мелуани 8 кьыхуаутІыпщащ.

ШыщхьэІу мазэм аукцион ирагъэкІуэкІри, лэжьыгъэм пэрагъуэвэну Іуэхущапіэр ягъэбелджылащ. Абы иращІылІа зэгурыІуэныгъэм кьыщагъэлъэгъуащ унащхьэр зэгъэпэщыжьым, псы зрикІуэ бжьамийхэмрэ сантехнэр Іэмэпсымэхэмрэ зэхъуэкІын зэрыхуейр. ЕгъэджэныгъэмкІэ управленэм и унафэщІ Голубничий Сергей кьызэрыджиІамкІэ, реконструкцэр зэфІэкІа нужь сабий садым кьищтэфынщ нэхъыщІэ гупым ящыщу 60.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмил.

«Олимп Джэгухэм дуней псор зэкъуагъэувэ»

Апхуэдэу фІащауэ фокІадэм и 23 - 28-хэм Сочэ кьалэм и Лазаревскэ куейм щекІуэкІынущ хореографиемрэ лъэпкъ къафэхэмкІэ дунейпсо зэхьэзэхуэ.

ДУНЕЙПСО Артийскэ Комитетым и Іуэхущапіэу Кавказ Ищхьэрэм щыІэм и жэрдэмкІэ кьызэрагъэпэща мы Іуэхур сыт и лъэныкъэкІи хуэунэтІащ нобэ хуэдэ зэман гугъум лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр нэхъри гъэбыдэным. 2014 гъэм Сочэ щекІуэкІыну Олимпиадэм мы артиадэр ехьэлІауэ щІыщытми щхьэусыгъуэ пыухыкІа иІэщ: ЩІымахуэ Джэгуэхэр егъэкІуэкІынымкІэ кьызэгъэпэщакІуэ гупымрэ Дунейпсо Арткомитетымрэ иджыблагъэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, абы хуагъэзыхьэзыр нэгъэзыужь программэм ди щымаІэм и артистхэри хагъэхьащ.

Мы махуэхэм екІуэкІыну зэпеуэм утыку кьришэнущ Адыджым, Армением, Украинэм, Абхъазым, Осетие Ищэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шэшэным, Дагъыстанэм, Ставрополь щІыналъэм я кьэфакІуэ гуп нэхъыфІхэр. Мыбыхэм ягъэлъэгъуэну концертхэм кьадэкІуэу, «мастер-класс» щапхъэм ит дерсхэр, урок зэІуахэр ятынущ, «Зэныбжьэгъугъэ быдэ» фІэщыгъэм щІэту «стІол хьурейхэр» екІуэкІынущ. Абыхэм я уэкъІэ кьэфакІуэ гупхэм щапсыгъ кьуажэхэм концерт щатынущ. Сочэ щекІуэкІыну зэхьыхьэм кІэлъыплъыну жюрим хэтынущ Урысейм щэнхабзэмкІэ и министерствэмрэ лъэпкъ творчествэмкІэ Урысейпсо унэм и кьудамэмрэ я лІыкІуэхэр.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Хьэрып къэралхэм кьыщыдэкІ газетхэм зэратхымкІэ, ислъам къэхутэныгъэхэмкІэ «Аль-Азхьар» щыІэ центрым и лэжьакІуэ щеІх Ашур Махмуд жиІаІэ «а къэралым щыІэ мусльымэнхэр абы я законхэмкІэ псэун хуейуэ, я псэукІэр зыубзыху хабзэхэм пщІэ хуащІыпхьэу».

ЩеІх Ашур кьыхигъэщащ а законыр къэштэным Франджым и властым фІэкІа нэгъуэщІхэм я Іуэху зэрыхэмылъыр. ИкІи псоми я гу кьигъэІыжащ ислъам диным хьиджабыр цІыхубзым щыгъэн хуейуэ кьызэригъуэвыр, ауэ нэкІуэпхъуэр зепхьэным Іэмалыншэу зэрыщымытыр.

◆ США-м и гражданиным и махуэш - 1787 гъэм фокІадэм и 17-м Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Конституцэр къащтащ.

◆ Брянск кьалэр илъэс 1025-рэ зэрыхьур ягъэтлапІэ.

◆2008 гъэм Москва Кремлым Іэ щыщІадзащ Урысейм, Абхъазымрэ Осетие Ищэмрэ я зэныбжьэгъугъэм, зэрыззэдэпэщыкъунрэ ехьэлІа Зэгурыуэныгъэм.

◆ ФокІадэм и 17 - 19-хэм Новосибирск щызэхэтыныщ астрономиемкІэ 5-нэ Сыбыр зэхьыхь.

◆ 1877 гъэм кьалъхуащ усакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ. **КІыщокъуэ Рашидрэ Алимрэ я адэ Пщымахуэ.** 1937 гъэм дунейм ехьжащ.

Плъагъэр зыгъэхьэлъмкІэ **ГЪУЩІО Зариф.**

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

ХъумпІэщІэджрэ пэт бгыр кьетІэщІ.

Адыгэ псалъэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

«Адыгэ псалъэр» кьыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

2011 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

Цыщ мин 40-м щІигъу

«Рейтер» хьыбарегъащІэ Іуэхущапіэм кьызэритымкІэ, и гупанкъэ Іуэхущапіэхэр зыхуэчэм псомкІи кьызэригъэпэщын папщІэ, Японием доллар мелуани 4 хьу грант хуэихащ Узбекистаным.

Японием Узбекистаным щІэ посольствэм и пресс-Іуэхущапіэм я лежакІуэхэм ящыщ зым зэрыжиІамкІэ, а ахъшэр Японием и правительствэр террорым еБэныныгъэ кьызэрыгъэпэщынымкІэ зэрыдажьэ программэм кьитІасэу, щІэнэнэу, щІыхуэ хэмылъу, Узбекистаным дэІэпыкъун папщІэ хуалэжь Іуэхуэхъхьэбзэщ. А доллар мелуани 4-р текІуэдэнущ цІыхухэри, хьэпшыпхэри псынщІэу зэпэзыльыхъь пхуэгъэІэпхъэу рентген Іэмэпсымэхэр кэщІэхуным, ахэр кьызэрагъэсэбэпынУм дэжьагІуэхэр хуегъэджным.

Японием мэгугъэ и щІыналъэм афиину, Іэщэу, террорист Іэмэпсымэу кьаІэр апхуэдэ щІыкІэкІэ нэхъ машІэ ищІыну.

Мусльымэнхэм даІыгъ

Мысырым и «Аль-Азхьар» институтым диц университетым и егъэджакІуэхэм даІыгъ дин щыгъыным щыщ нэкІуэпхъуэхэр ящыгъыу жылагъуэ щІыпІэхэм. Іуэрамхэм зыщагъэльэгъуну хуит кьызымыщІ законыр Франджым и Сенатым кьызэрищтар.

Хьэрыпэ Іуащыгъэ

Хьэрыпэ кьэралхэм кьыщыдэкІ газетхэм зэратхымкІэ, ислъам кьэхутэныгъэхэмкІэ «Аль-Азхьар» щыІэ центрым и лэжьакІуэ щеІх Ашур Махмуд жиІаІэ «а къэралым щыІэ мусльымэнхэр абы я законхэмкІэ псэун хуейуэ, я псэукІэр зыубзыху хабзэхэм пщІэ хуащІыпхьэу».

ЩеІх Ашур кьыхигъэщащ а законыр къэштэным Франджым и властым фІэкІа нэгъуэщІхэм я Іуэху зэрыхэмылъыр. ИкІи псоми я гу кьигъэІыжащ ислъам диным хьиджабыр цІыхубзым щыгъэн хуейуэ кьызэригъуэвыр, ауэ нэкІуэпхъуэр зепхьэным Іэмалыншэу зэрыщымытыр.

НОБЭ

◆ США-м и гражданиным и махуэш - 1787 гъэм фокІадэм и 17-м Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я Конституцэр къащтащ.

◆ Брянск кьалэр илъэс 1025-рэ зэрыхьур ягъэтлапІэ.

◆2008 гъэм Москва Кремлым Іэ щыщІадзащ Урысейм, Абхъазымрэ Осетие Ищэмрэ я зэныбжьэгъугъэм, зэрыззэдэпэщыкъунрэ ехьэлІа Зэгурыуэныгъэм.

◆ ФокІадэм и 17 - 19-хэм Новосибирск щызэхэтыныщ астрономиемкІэ 5-нэ Сыбыр зэхьыхь.

◆ 1877 гъэм кьалъхуащ усакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ. **КІыщокъуэ Рашидрэ Алимрэ я адэ Пщымахуэ.** 1937 гъэм дунейм ехьжащ.

Плъагъэр зыгъэхьэлъмкІэ **ГЪУЩІО Зариф.**

И фейдэ хэльти...

РИА НОВОСТИ кьыхьарегъащІэ Іуэхущапіэм кьызэритымкІэ, и гупанкъэ Іуэхущапіэхэр зыхуэчэм псомкІи кьызэригъэпэщын папщІэ, Японием доллар мелуани 4 хьу грант хуэихащ Узбекистаным.

Японием Узбекистаным щІэ посольствэм и пресс-Іуэхущапіэм я лежакІуэхэм ящыщ зым зэрыжиІамкІэ, а ахъшэр Японием и правительствэр террорым еБэныныгъэ кьызэрыгъэпэщынымкІэ зэрыдажьэ программэм кьитІасэу, щІэнэнэу, щІыхуэ хэмылъу, Узбекистаным дэІэпыкъун папщІэ хуалэжь Іуэхуэхъхьэбзэщ. А доллар мелуани 4-р текІуэдэнущ цІыхухэри, хьэпшыпхэри псынщІэу зэпэзыльыхъь пхуэгъэІэпхъэу рентген Іэмэпсымэхэр кэщІэхуным, ахэр кьызэрагъэсэбэпынУм дэжьагІуэхэр хуегъэджным.

Японием мэгугъэ и щІыналъэм афиину, Іэщэу, террорист Іэмэпсымэу кьаІэр апхуэдэ щІыкІэкІэ нэхъ машІэ ищІыну.

Мусльымэнхэм даІыгъ

Мысырым и «Аль-Азхьар» институтым диц университетым и егъэджакІуэхэм даІыгъ дин щыгъыным щыщ нэкІуэпхъуэхэр ящыгъыу жылагъуэ щІыпІэхэм. Іуэрамхэм зыщагъэльэгъуну хуит кьызымыщІ законыр Франджым и Сенатым кьызэрищтар.

Цыхьэ Іущыгъэ:

ХъумпІэщІэджрэ пэт бгыр кьетІэщІ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Льэпкьым и батырыбжьэ къэзылэжьа

щIэныгъэлI цIэрыIуэ БакIуу Хъанджэрий и илъэс 70 гъуэгуанэр, и ныбжьэгъухэмрэ лэжьэгъухэмрэ я псалъэкIэ къэгъэльэгъуэжауэ



БакIуу Хъанджэрий Илес и къуэр (17.09.1940, Жьакуэ къу., ШАО) - филолог-еджагъэшхуэщ, егъэджакIуэщ. Филологие щIэныгъэхэм я докторщ (1995), профессорщ, ЩIДАА-м и академикщ (1995), Къандурым и цIэкIэ щыIэ дунейпсо саугъэтым и лауреатщ, УФ-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт и �IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ. КъБКъУ-м и гъыдэ-филологие факультетыр (1969), СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и академием А.М. Горькъм и цIэр зэрихьэу дунейпсо литературэмкIэ нIэ институтым и аспирантурэр (1973) кIуахащ. 1973 - 2004 гъэхэм Къэрэшей-Шэрджэс педагогикэ университетым и егъэджакIуэу, доценту, кафедрэм и унафэщIу, филологиемкIэ институтым и директору лэжьащ. ЩIэныгъэ къэхутэныгъэхэр щригъэжьауэ �IэнатIэр: льэпкъ литературэр, хэхэс адыгэхэм я литературэр. ЩIэныгъэ лэжьыгъэу 60-м щIигъу нIэщ, монографиехэри хэту.

МЫ САТЫР зыбжанэмкIэ ригъэжьауэ Хъанджэрий и гъашIэ гъуэгуанэр 2006 гъэм щэрджэс) щIэнгъуаэзэм». Ауэ БакIуур зыцIыхухэм кьыбжаIэфынущ абы щыщ дэтхэнэ сатырми и щIыбагъ гъашIэ лъэ хьэнэ псо кьыдэрыдэтыр, лэжьыгъэ гугъуэмрэ ехьулIэныгъэ инхэмкIэ гъэнщIауэ. ЩIэнгъуаэзм и сатыр хуэдизкIэ зэрыгъэкIуэ. Ауэ БакIуур зыцIыхухэм я дунейр кьыдэIутхыну дыхуейт Хъанджэрий и гъашIэ гъуэгуанэр кьыдэхьыкIуа ныбжьэгъу-жьэрэгъуэм я псалъэхэмкIэ, щIыхьм и хуитныгъэхэм ехьэлIа дунейпсо хабзэм дыздынэс хъуну кьытхуигъэув гъынапкъэхэм, Iэмал зэрIэкIэ, димыбзэкъыIуэ.

Дэтхэнэ адэ-анэми и хьэпсапIэр зыщ - и сабийр насыпыфIэ хуэныщ. Ауэ цIыху кьыдзэрыгъэкIэм емылъытауэ щхьэусыгъуэкIэ быныр зэфэну насыпыпсыр политик мыхъумыщIэхэм нэгъэщIыпIэкIэ щыдагъэуэх кьоуху. Апхуэдэт блэкIа ГъашIэгъуэм и 40 гъэхэм зи фэм кIуэцIымыхуэжь зэлымзехьэхэм зэжаубIа зауэр. ТхьэмыщкIагъэм «сынокIуэ» жиIэркъым. Хэт и гугъэнт Европэ жьыжьэм кьыдзеижьа зэмыгъэр Инжьцэ Iуфэ Iус ЖьакуэадыгэкIуажэ цIыкIэм нэс къэсыну. ЦIыкIу защIэу бынищ и щхьэгъусэ ЩамхъанийкIыхьугъанэри Илес мафIэ лыгъэйм хьихьат: бий ерыгъ ныбжьэуванэ, уагъэр, лъаэр абы щихъумену.

1942 гъэм и гъэмахуэм Тэн Iуфэ и деж лIэнкьэнэу щIэзэпэщIэуват Кавказ щыдагъэмрэ Сталинградэм щIэрагъэхьэну кьыхуеIэ нэмыщдзэмрэ ди зауэлIхэмрэ. А зауэ гуащIэм, Затэщыжьым, тырым деж, Илес и псэр кьурмэн щахунщIащ щIэблэм, Хэкум я къэкIуэнуэм. Псыдзэшхуэу зауэр ИнжьцэIуфэ Iус жылагъуэхэм я къэсри дзэкIыжащ, гуIэ нэпскIэ иритхьэщIыкIри. Сабий минхэм хуэдзу, БакIуу зэрыбынми «зауэм и бын» псалъэ жагъуэжэр нэпкъыжьэу игъащIэкIэ кьахунгъэнащ. А лъэхъэнэ мэхъаджэм кьыхэхъуКIащ Хъанджэрий адэншэу, ауэ анэм и хьэпсапIэхэмрэ и псалъэ IэфIхэмрэ и гъуэмылэу.

Пlаз Сергей, *Хъанджэрий ригъэджакIэм ящыщщ, профессор, Къэрэшей-Шэрджэс къэралыгъо университетым и проректор:*

- ТIЫНШУ щыгъэкIыжьа Хъанджэрий и сабингъуэр, ауэ а гугъуехьхэм задигъэшакIым абы. Кьуажэ еджапIэм и уокIэ БакIуум курыт щIэныгъэ щызэригъэгъуэтащ Черкесск дзэ интернатым. Абы кьыкIэтыкIуащ КъБКъУм и тхыдэ-филологие факультетыр. ЕджапIэ нэхьыщхьэм щIащри илъэсищкIэ дзэм кьуущкIу щищIащ. Кьыгъэзэжри еджэным пищэжащ. Университетым щыщIэса илъэсхэрщ Хъанджэрий щIэныгъэ гъуэгум щытехьащ. Нэхьыщ, езыгъэджахэр чэнджэщэгъу кьыдзэрыгъэкIуа СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и академием дунейпсо литературэмкIэ и институтым и аспирантурэм икIи абдеж кьыщилъэщащ филологие щIэныгъэхэм я кандидат цIэ лъагэр. Ар 1973 гъэрати, абы къыщыщIэдзауэ Налшык Iэпхъуэ ху щылэжьащ Къэрэшей-Шэрджэс педуниверситетым. ЛитературэмкIэ кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжьу кьыщIидзэри, и кьуныкьукIэ дэкIуэтейуэ, филологиемкIэ институтым и директорым нэсащ.

ХьэкIуащэ Андрей, *филологие щIэныгъэ хэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик:*

- ЩIэныгъэмрэ гъэзгу нэхъм тесшар куэд мэхъу, ауэ абы хэм ящыщу зэрыстудент лъандэрэ и егъэкIэкIи и хьэл-щэнкIи кьыхэзгъэщхьэхуKIыу кьоокIуэкI Хъанджэрий. Дэ нэхъыбэ щIэзэрыгъэ, и сабингъуэм кьыщыщIэдзауэ гъащIэ гъуэгуанэ тынш абы кьрихьэкIакъым. ЩIэныгъэ кIуэр, кьулыкъу инхэр езым и закъуэ кьаркIэ, зэфIэкIэ абы кьиIэзыжащ, гуIэ нэпскIэ иритхьэщIыкIри. Сабий минхэм хуэдзу, БакIуу зэрыбынми «зауэм и бын» псалъэ жагъуэжэр нэпкъыжьэу игъащIэкIэ кьахунгъэнащ. А лъэхъэнэ мэхъаджэм кьыхэхъуKIащ Хъанджэрий адэншэу, ауэ анэм и хьэпсапIэхэмрэ и псалъэ IэфIхэмрэ и гъуэмылэу.

Гъут Iэдэм, *филологие щIэныгъэхэм я доктор, Гуманитар къэхутэныгъэ институтым къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI:*

- ХЬАНДЖЭРИЙ и цIэр фIыкIэ зэхэсхыу, ауэ езыр сымыцIыхуу екIуэкIыуэрэ япэу сыцIыхуэзар Къэбэрдейр аракьым икIи езым и гъаэ Шэрджэс-раркъым - Тыркуращ. 2003-м кавказ гъэпсыкIэм я щэнхабзэ зэгухьанысыгъэм кьыззэригъэпэщауэ абы щIэкIуэкIащ «Анэдэлъхубзэмрэ абы и алфавитымрэ» зыфIащ щIэныгъэ конференцыр.

БакIуур сытым джеи жьыджэру хэтщ бзэм ехьэлIа зэIуцIэшхуэхэм икIи абыхэм кьыщащтэ унафэхэм и гуащIэ хелъхьэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, адыгейхэмрэ кьэбэрдей-шэрджэсхэмрэ ди алфавитымрэ пажьырытхэмрэ, Iэмал зэрИзкIэ, нэхъ зэщхь щыным теухуауэ Налшык щекIуэкIауэ щыта конференцыр, хамэ кьэралщIэсу адыгэхэм я бзэ яхъумэжьынымкIэ щыIэ Iэмалхэм тепсэльыхьу Амман (Иордание) 2008 гъэм кьыщIэзэрагъэпаща дунейпсо зэIуцIэшхуэр, нэгъуэщIхэри. Хъанджэрий ящыщщ ди лъэпкым, абы и бзэм, и хабзэм я кьэкIуэнум папщIэ зигу, зил нэхъ уз ди щIыналIэхэм. Бзэм и гугъу пщIымэ, БакIуум шэч кьытрихьэркьым ди тхыбзэр зэпшалIэкIэ Iуэхур зэрызэфIэмыкIынум: адыгэбзэр дIяпэкIи псэун щхьэхуэ. Iэмал имыIэу дэнэкIи щыIэ адыгэхэм я зэхуэдэу зы литературэбзэ зэгъэпэщIыпхъэщ. Пэжщ, иджыкIэ куэд хьэркьым апхуэдэ зэфIэкI адыгэм кьыгъэIыкьуэкIыну зи фIащ хьур. Ауэ Хъанджэрий и гупсысэр лъэпкым хэпщэным кьарууэ иIэр ирехьэлIэ икIи шэч кьытрихьэркьым ар зэрыгупсысэ узынщэм, ди фIэщу и ужь дихьэмэ, ар адыгэм зэрытхуэзэфIэкIыным.

ГУРЫIуэГъуэщ тхыгъэр еджэзгъуафIэ ищI, псэ кьыхихьхэ щхьэкIэ, псалъэ зздзыпIалкIэ БакIуу Хъанджэрий хуэдэ цIыхур зыхэпсэукI дунейр нэсу кьэгъэльэгъуэ Хъанджэрийуэ зэрыщытыр. ЩIэныгъэлIым хуэжаIэхэм ядыщIыгъэжьын хуеIщ лъэпкъ нэщэнэхэмрэ усакIуэхэм я Iуэху епльыкIэхэмрэ адыгэ усыгъэм щагъэзащIэ кьаIэныр зыхуэздзэр япэу кьэзыхутар Хъанджэрийуэ зэрыщытыр. Литературэдж-щIэныгъэлIхэм ящыщу аращ и щхьэр течауэ япэу жызыIар, кьэбэрдей, адыгей, шэрджэс литературэхэм кьадэкIуэу, иджыри зы адыгэ литературэ зэрыщыIэр - хэхэс адыгэ литературэ. Еджагъэшхуэм гу зылъита Iуэхугъуэхэр зи тхыгъэхэм джэлэс ящыгъэлIхэм я кьэхутэныгъэхэмрэ кьэльыхьэныгъэхэмкIэ щIэгъэбыдзэжа кьудейщ. Хамэбзэхэр яIуэльтIу щытамэ, адыгэм и хуэдизкIэ ещанэ дунейр лъагъуэкIэ хэкар, и хьэл-щэныр, зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр зи тхыгъэхэм джэлэс яжьыуа хэхэс тхакIуэхэм я лжьыбгъэхэм хуэфащэ увыпIэ гъэпкъ щIэныгъэм щIезыгъэгъуэтыжари Хъанджэрийщ.

БакIуум пщIы бжьигъэкIэ и гъэсэнхэр лъэпкъ литературэ щIэныгъэм кьиузэрыхьэшар-щIэ! ГъэсакIуэм и нэIэ кьатету абыхэм ящыщ куэдым я доктор, кандидат лэжьыгъэхэр ягъэхьэзыращ, пхагъэкIащ икIи, я цIэкIэ фIыкIэ жрагъэIэу, нобэ Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм щолажьэ. А лэжьыгъэ щхьэпэм ноби пещэ Хъанджэрий. Ар адежапIэ ныжьыщхьэ зыбжанэм я щIэныгъэ советхэм хэтщ, я щIэныгъэр яднуэнэтIу, сыт и лъэныкьуэкIи защIыгъакъуэу.

Мы тхыгъэм и пэщIдзэм кьиузэрыхэдгъэщащи, 2004 гъэ лъандэрэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэ литературэмкIэ и кьудамэм и щIэныгъэлI пажьэу кьыддолажьэри, игъащIэ лъандэрэ кьытхэта хуэдэ, гупым кьытхэззэгащ, Iуэху и нэхъ гугъуэ пэщIэувэу кьыддогъэгурыкIуэ. Хъанджэрий кьыщытхьхьам щыгъуэ кьэбэрдей литературэм и тхыдэм деплажьэри, ар и кIэм нэгъэсыжыным, кьыдгъэкIыным хэгъэхьэзырыным и гуащIэшхуэ хилъхьащ. НужькIэ Къэрэшей-Шэрджэсым и щIэныгъэ Iужщ1ап1эхэмрэ цIыхубз зэIуцIэшхуэхэмрэ я лъэIуэIэ хьэзыр хьуа лэжьыгъэм шэрджэс литературэм хэтхэжьын хуеIуэ кьыщытхуагъэувым, абы и хьэпъэ нэхь зытещIапи араш. А лэжьыгъэщхьэм зы Iыхьи хэткIым Хъанджэрий шэрджэс литературэм и тхыдэ гъэзэгуанэм текIууэу зыгуэр зыдыщIимыгъужэрэ зэримыгъэзэхуэжарэ. «Адыгэ литературэм и тхыдэм» и япэ томыр мы гъэм дунеим кьытехьэнущ, етIуанэ, ещанэ томхэр - кьыкIэпъыкIуэ ильэсхэм.

И цIэ кьиIуэн хуеиIщ иджыри зы дэжьыгъэшхуэм, ильэс зыбжанэ хьуауэ БакIуур елэжьауэ - ар адыгэ литературэ, драматург, публицист Iэзэ IутIыж Борис и творчествэм теухуарщ. ЩIэныгъэм и иджырей Iэмалхэмрэ унэтIныныгъэ хэмрэ тету гъэхьэзыра хьуа а лжьыбгъэ щхьэпэри мы гъэм кьыдзэкIынущ. Апхуэдэщ Хъанджэрий иужь илъэсхэм итха статьяхэмрэ щIэныгъэ зэIуцIэм щищIа схьыпхъэ кьыдзыжуэхьэса тхыьри. Ари мыгъэву тхьыгъ тедзапIэм кьыдитхьжыну дыщоигъ.

Хъанджэрий зэрыныбжьэгъу пэжым, зэрыщIыхьу гумащIэм теухуауэ жаIа-гъэххэщ. Ауэ абы дыщIыбгъужьыфынущ ар икIи зэрылэжьэгъу тынышр, чэнджэщэгъу Iущыр, зэрыфIэрафIэр, гушыIэ дахэрэ щIагъыбзэ шэщIарэ зиIэ цIыхуу зэрыщыгъыр. Апхуэдизкlэ набдзэгубдзапIъэщIи, зы машIэри кьыгъагъ икIи, мыхъун гуэр кьытIэщIэщIамэ, хъуэрыбзэ щIадэкIэ ту лъыдегъэзэж. Ар ещанэрэ, нэхъыжьыр тлъытэу, хабзэми нэмысми дыхуэсакъыу гупыр дыззэ хэщ, дыззэдолажьэ.

Иджы нэхъыщхьэ дыдэм - БакIуум и зауэ-гушыIэ - теухуауэ зы псалъэ. Дызэпсэтыныпхэм зы цIыху кьаахIакъым абы и гугъу имыщIауэ. Ауэ псори фIым хуэкIуэжырти, аращ иужь кьыщIидгъанар. ИпэжьыпIэкIэ, Хъанджэрий и унагъуэкIи зэпэщIи: ар адэ гумащIэщ, щхьэгъуэ зэгъащ. Ди гъунэгъу лъэпкъхэм ящыщ зым и тхакIуэ гуэрым жиIэрейт, жаIэ: «Къэбэрдей-хэм цIэрэ щхьэрэ иIэу игъащIэм малъхьитI яIауэ аращ - зыр Иван Грозэнращ, етIуанэр сэращ!» Абы ургушхуэ хъунумэ, апхуэдэ насыпэ зэуэпIахэм Хъанджэрий ящыщщ - ар къэбэрдей малъхьэщ, и щхьэгъусэр Щоджэнхэ япхъыщ. Хъанджэрийрэ Iюбзэрэ бынитI зэдапIащ, унагъуэуи ягъэтIысыжащ. Джамили Зураби Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетыр фIы дыдэу кьаухащ: пщащэр дохутырщ, щIалэм экономист Iэщ1агъэ иIэщ; Iэнатlэ хъарзынэ зэрыту тIыри мэлажьэ.

Бын гъэсар адэ-анэм я дежкIэ дамэщ. Ди гуапэщ а дамэм и жьауэр унагъуэми льэпкъми кьахуэщхьэпэу iэщIыщIуэкIэрэ екIуэкIыну.

Льэпкъ щIэныгъэм и шу пажьэхэм ящыщ зым, хэкуI Iумахуэм и махуэ льаIэмкIэ кьехьэуэхъунуэр, дауи, машIэжьым. Дэри дыхуейщ абыхэм ящыщ зы дыхъуну - Тхьэм и фIыгъуэмрэ и гупыIитIэмрэ щымыщIэу илъэс куэдкIэ ди ныбжьэгъуэр, лэжьэгъуэр тхуэпсэуну!

ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщ,
Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым адыгэ филологиемкIэ и къудамэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я докт ор.

Куэд къохъулIэ

БакIуу Хъанджэрий ди республикэм, Адыгейми, Къэрэшей-Шэрджэсми зэрыщащIыхур адыгэ филологием хэльхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа егъэгъэшхуэущ, педагог гуэрщ. Сэ ар сшIыху кьудейкьым, куэд щIауэ си ныбжьэгъуэщ, ди щIалэгъуэм университетми аспирантурэми дыщыззэдежащ.

ПСЭЛЪЭГЪУ хьэлэмэт ху жьынущ Хъанджэрий дэтхэнэ тхыдэтхми. Адыгэ литературэм кьыдэкIуэу, урыс литературэми, дунейпсо литературэми фIы дыдэу хещIыкI.

ЩIэныгъэ кьэхутэныгъэм утепсэльыхьмэ, Хъанджэрий зэпымыIу щIэ гуэр кьэзыгъуэт еджагъэшхуэщ. Абы темэ кьищтэхэри, проблемэ кьызыгтеувыIэхэри зыми гу зылъамытахэщ. БакIуум и тхылъхэм, статьяхэм, тезисхэм ухэлъпIэмэ, гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэкъым езым и Iуэху епльыкIэр белджылыуэ кьыдзэкIуэщ. И доктор диссертацыр лъабжьэ хуэхъуа монографием проблемэу тIу щызэрипхащ зыми и щхьэ хуэмыкIуауэ: «Адыгэ усакIуэм лъэпкъ епльыкIэмрэ цIыху щхьэхуэм и творчествэмрэ кьызэрыхэзыкIыр». Хамэ кьэралитературэдхэмэ ди кьэралым щыщхэми щIэныгъэлI куэд кьаахIакъым. Национальное своеобразие» жьыуаIэ проб лемэм зрапщытыну. Ар теоремеи и Iуэху нэхъ гугъуэм щыщщ. БакIуу Хъанджэрий и тхылъым щIэуэ куэд щыжиIащ, а темэм теухуауэ щIипщытыкIащ адыгей, кьэбэрдей, шэрджэс, хакIэ ящыщ щыпсэу адыгэ усакIуэхэм я усэхэр, сэтей кьищащ ди лъэпкъ художественнэ гупсысэкIэм и нэщэнэхэр. БакIуур ящыщщ япэ дыдэ хамэ щыщ щыпсэу адыгэхэм я литературэр кьэзыпщытахэм, литературэ щIэныгъэм хэзыгъэхьахэм.

Адыгэбзэм теухуауи лэжьыгъэ зыбжанэ иIэщ БакIуум. Нобэ глобализацэм льэгушIэт ищIащ экономикэр. Щынагъуэ щыIэщ льэпкъ мыинхэм я бзэри абы игъэкIуэдыжыну. Абы ириту завэхэм щыщщ Хъанджэрий. А темэм теухуауэ щIэныгъэ конференцин дыдэхэм доклад щхьэпэ щищIащ абы Тыркум, Иорданым, Мэхку, Налшык.

Абы лъандэрэ куэд хуэзэфIэкIащ щIэныгъэлI нэсым, тридзащ статья пщIы бжьигъэхэр, жьыджэру хэтщ конференцхэм, кьыдигъэкIащ тхылъ щхьэхуэ («Национально-эстетические аспекты изучения адыгской словесности», 2010). Игъэхьэзыращ Iутlыж Борис теухуа монографие кьэзыхэтыныгъэр. Сэ си гъэпсыкIэ сфIэгъэщIэгъуэну седжащ абы, си ныбжьэгъуэхэми яжеслащ абы и кьэхутэнкIэр сигу зэрырихьар, литературэдж лъэрызехьэу зыкьызэригъэльэгъуар. Кьыжьыпэхьэщ Хъанджэрий мыбдежи адрей и лэжьыгъэхэми текстым кьыхэмыгъэджыкIауэ, абы пымыщIауэ псалъэ дыгъэл кьыззэрыригъэжьэкIыр, езым сыт щыгъуи и епльыкIэ, и гупсысэкIэ арэзы укъэзыщIэ зэриIэр, Iуэхур уи фIэщ зыщI аргументхэр кьыззригъуэтыр. Институтым и адыгэ кьудамэм егъэхьэзыщIэ кьэбэрдей-шэрджэ эс литературэм и тхыдэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи, зы томыр мы гъэм кьыдэкIынущ. Абы и авторхэми и редактохэми ящыщ зыщI БакIуу Хъанджэрий. Хэтщ ар еджапIэ программэщIэ зэхэзыльхьэхэми. Адыгэ лъэпкым сэбэпщIхуэ кьыхуэзыхь еджагъэшхуэхэм хабжэ БакIуу Хъанджэрий.

Си ныбжьэгъужь, сэри нэгъуэщI куэди кьохъуэхьу гъашIэ ныкъ ухъ уну, уи пщIэмрэ уи Iуэ хуэхэмрэ нэхъри льагэ хьуну.

ДУМЭН Хьэсэн,
Урысейм щIэныгъэмкIэ щыхьхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор.

ХуэзэфIэкI къудейкъым

КIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу ди адыгэ лъэпкыр зэрыгушхуэ щIэныгъэлIхэр. Абыхэм ящыщ зыуэ щытщ щIэныгъэхэм я доктор, профессор БакIуу Хъанджэрий.

ЩIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ тохъэ. Зым щIэгъэкъуэнрэ дэIепыкъуэгъуэ иIэу абы ирокIуэ. Адрейм кьохъулIэ езым и кьаркIэ, егугъуныгъэкIэ, щIэныгъэм зэрыхуэпабгъэмкIэ ар хишын.

ЩIалэщIэм быдэу лъыкъуэуваща, сытыкIи щIэгъэкъуэнрэ дэIепыкъуэгъуэ хуэхъуащ Бэчыжь Лейла.

Хъанджэрий и кандидат лэжьыгъэм и унафэщIу, и дэIепыкъуэ зэгъуэ щыта Бэчыжь Лейла щIалэм дильэгъуащ щIэм тету зэрыгупсысэр, адыгэ литературэм зэгъуэжьыным хэльхьэныгъэфI зэрыхуищIыфынкъым акъылрэ гупсысэрэ зэриIэр.

Зэманэ дей имыгъэкIуэу кьыхихащ темэ мытынш. Мурадыфlи ищIащ адыгэ литературэм кьуэлъ льэпкъ бгъэдыхьэкIэмрэ адыгэ поэзием деж дэтхэнэ тхакIуэми щиныгъ увыпIэмрэ зэпкърихыну.

АтIэ хуэзфIэкIа ар?

ХуэзэфlэкIа кьудейкьым, атIэ абыкIэ льэпкъым Iуэхушхуэ яхуэзыщIа щIэныгъэлI щэджащэхуэ Бэчыжь Лейла, Хьупсырокъуэ Хьызыр, Нало Заур, ХъэдэгъэлI Аскэр, Щхьэлахъуэ Iэбу, нэгъуэщIхэми я льэужьым ирикIуэн хуэзэфIэкIащ.

НэгъуэщI льэпкъ литературэхэмкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэ кьэпльыгъэ хьунущ Хъанджэрий и доктор диссертацэр. 1994 гъэм Мейкьуаепэ тхылъ щыхьхуэу кьыщыдигъэкIри, абыкIэ кавказ, урысей литературэхэм я зыужьыныгъэм хэпльэныгъэфI хуищIащ. Псом хуэмыдэу а лэжьыгъэшхуэм фIыгъэу хэльщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Тыркум, Сириием, Иорданым, Мысырым, США-м, Германием щыпсэу литературэхэм я IэдакъэщIэкIыр зэрызэдиджар.

Хъанджэрий хуэфащэ кьару ирихьэлIащ щIэблэм щIэныгъэ нэсу етыным. Абы папщIэ и лекцэхэр сыт щыгъуи гъэщIэгъуэну игъэпсат, ахэр гъащIэм, льэпкъым я бзэм, я литературэм епхауэ зэрыщытым купщIафIэщIт. Ахэр ящыкIи ирихьэлIар журналист факультет кьыззэгъэпэщынми, журналист ныбжьыщIэхэр егъэджэнми.

ЩIэныгъэхэм я доктор, БакIуу Хъанджэрий щIэныгъэлI, егъэджакIуэ мащIэкъым гъащIэ гъуэгум тригъэхьащ. Ар щэщIауэ хэтащ дисертацэхэр пхыгъэкIынымкIэ совет-тым, куэдым я унафэщIащ, я оппоненту щытащ.

ДАУР Жэхьфар.
Черкесск къалэ.

Щыпкъагъэм и щапхъэ

БакIуу Хъанджэрий зэчиишхуэ зыбгъэдэль еджагъэшхуэу зэрыщытми, абы адыгэ литературоведенэм зегъэужьыным хуищIа хэльхьэныгъэр зэрынми сыщыгъуэзащ. Ауэ аракъым сэ сызытепсэльыхьынур, атIэ Хъанджэрий езыр адыгэлI нэсу дунейм зэрытетырщ.

1967 ГЪЭМ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым сызыщIэтIысхьэу сэ занщIэу къэслIыхуаг адыгэбзэ-урысыбзэ кьудамэм и ещанэ курсым щеджэ а нэхъыжьыфIыр.

Си Iуэху кьикIащ: сэ сыхэхуащ кьудамэ хъарзынэ дыдэм щеджэхэм. Махуэ кьэс сыхуэзэрт Хъанджэрии, абы кьыздеджэхэу иужькIэ щIэрыIуэ хьу ахэу, ди республикэм и щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зэгъэкIуатэхэу Iутlыж Борисиц, Хьэфlыщ1э Мухьэмэдиц, Гъэунэ Бориси, Абдокъуэ Iэуэси, Джэрыджэ Арсени, Сонэ Абдулчэрими, Ацкъан Руслани, нэгъуэщI кьудэсми.

Сэ срихьэлIакъым Хъанджэрий зэгуэр зыхимыщыкIыным тепсэльыхьауэ, къэгубжьауэ е кьемыязгъэ жиIауэ. Сыт щыгъуи зэпIэзэрыт: А хьэпар абы и гъашIэ псом кьыдогъуэгурыкIуэ, Абы щыгъуэми хуэзэфIэкI псомкIи кьыбдэIэпыкьунущ. Аракъэ щыпкъагъэм и щапхъэ хьужыр?!

ШАЛ Мухьэмэд,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

НэгъуэщIхэми жумарту ядогуашэ

Зэманым зыкIи зригъэхьэужакъым Хъанджэрий и тепльэм, абы и щхьэц фIыщIэ Iувхэм дыжьыныфэ тхъугъэ хригъэдза мыхьумэ.

1995 ГЪЭМ мэлыжьыхьым и 9-м Хъанджэрий и доктор диссертацэр щыпхигъэжащ Урысей Федерацэм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Дагъыстан щIэныгъэ центрым. БакIуум и лэжьыгъэр теухуащ адыгэ усыгъэм и льэпкъ нэщэнэ хэхэхэмрэ художникым и щхьэхуэу творчествэм ехьэлIа Iэхуугъуэхэмрэ. ЩIэныгъэлIым ригъэжьэжа кьэхутэныгъэм кьыщыIэтащ ящыкIэр литературоведенэм ехьэлIа зи хуэхъунущ. Абыхэм ящыщ зыщ Кавказым и усакIуэхэм я творчествэм хэль, псоми я зэхуэдэ, апхуэдэуи зы льэпкъым ехьэлIа хьу Iуэхуэр. Абы и льэныкьуэкIэ авторым кьеГъэльагъуэ, гъащIэм узыщрихьэлIэ льэпкъ хабзэхэм я мыхьэнэр.

Хъанджэрий зэрыкIэмкIэ, творческэ лэжьыгъэ ебгъэкIуэжыну иджыпсту Iэмал нэхъыбэ щыщыIэ зэманщ. Ар езыр кьыщыхуэ зэманыр нэхъ гугъуэ щыщыта льэсэхэрщ. И адэр Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ, анэм и закъуэ ипIащ зэкъуэшитIымрэ я щыпхъумрэ. Аехр кьэхъуащ я щIыхьым пщIэ х уащIыжьыфу, адыгэ з хабзэм кьыззэригъэувым хуэдэу я щхьэкIи зыхэт цIыхуэмкIи жэуап зэрахьу зыхащIэу.

Зэн мыкIуэдыж льапIэныгъэ зиIэ литературэрэщ, псалъэм хуиIэ льагъуныгъэщ БакIуу Хъанджэрий ещанэ гъащIэ гъуэгуанэу кьыхэзыгъахар. Абы гъэлпкъ, хэку литературоведенэм езым и щхьэкIэ хэльхьэныгъэ хуищI кьудейкьым, атIэ нэгъуэщIхэми жумарту ядогуашэ и щIэныгъэмкIэ, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр егъэхьэзыр.

Нэхъыщхьэу хьэслыгтэр згъэльэгъуэну сыхуеIт: ЩIДАА-м и академик БакIуу Хъанджэрий гъащIэм куэд кьызэрыщыхьулIар икIи абы и творчествэр и гъэтхэгъуэм зэрыхьхьар. Ауэ, абы кьыхэкIыуи, кьысхуэнэжар дяпэкIи кьару уфIэ, узыкIащтэ быдэ иIэу щытыну, и лэжьыгъэ мытыншым икIи гъуэззэщIэм - щIэнхабзэмрэ щIэныгъэмрэ, цIыхум яхуэлэжьэным - ехьулIэныгъэ щIэну егъэгъэшхуэ акъылыфIэм сехьэхуэныр щ.

ЖАНБЭЧ Сюзанэ,
Урысей Федерацэм и Журналистхэм я союзым э т.

Хъанджэрийрэ и кьуажэгъуэмрэ. *Жьэкуэ, 1990 гъэ*

Сэмэгумкlэ кьыщыщIэ дзаэр: Дзэмыхь Къасболэт, БакIуу Хъанджэрий, Щоджэнщ1ыкIу Нинэ, КумыщI Риммэ, Махьсидэ Анатолий. *2002 гъэ*

БакIуу Хъанджэрий, Нэхущ Чэрим, Кьандур Мухьэдин, адыгей усакIуэ Кьуныкъуэ Налбий. *Налшык, 1998 гъэ*

КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий, КъШР-м и Правительствэм и УнафэщI Кьардэн Алик, БакIуу Хъанджэрий. *Карачаевск къалэ, 1998 гъэ.*